# मैया आबि गेलयो हम तोहार दुअरी

मैया आबि गेलयो हम तोहार दुअरी,
तोहार दुअरी हो सोहजाना नगरी,
मैया आबि गेलयो हम तोहार दुअरी,

अँगना बहारब मैया, ओसरा बहारब ,
औरो बहारब हम तोहार दुअरी,
मैया आबि गेलयो हम तोहार दुअरी,

अंगना पखारब मैया ओसरा पखारब,
गहबर पखारब हम रगरी रगरी,
मैया आबि गेलयो हम तोहार दुअरी,

अड़हूल चढ़ायब मैया नारियल चढ़ायब,
औरो चढायब हम ललकी चुनरी,
मैया आबि गेलयो हम तोहार दुअरी,

सांझ सवेरे मैया तोहरा निहारब,
जीवन सफल हो जैते हमरी,
हो मैया जीवन सफल हो जैते हमरी,
मैया आबि गेलयो हमे तोहार दुअरी,
तोहार दुअरी हो सोहजाना नगरी,
मैया आबि गेलयो हम तोहार दुअरी,

रचनानाकर -प्रभाकर कुमार
माँ काली मंदिर , सोहजाना

https://bhajanganga.com/bhajan/lyrics/id/6242/title/maiya-aabi-geliyo-ham-tohar-duari-tohaar-duraai-ho-sohjaana-nagari

अपने Android मोबाइल पर BhajanGanga App डाउनलोड करें और भजनों का आनंद ले |